



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE YON NOUVO EFÒ ANT PLIZYÈ ÒGANIS POU LITE KONT DEPRESYON MATÈNÈL

*Mezi global sa yo pral garanti fi yo resevwa swen ak tretman apwopriye*

*Sa vin ajoute sou mezi anplis yo pou akselere referans yo ak tretman*

*Li Fè Pati Kalandriye Fanm 2018 Gouvènè Cuomo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman yon nouvo efò ant plizyè òganis pou lite kont depresyon matènèl. Sou lòd Gouvènè Cuomo, Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) pral egzije pou tout polis asirans maladi komèsyal yo nan New York kouvri depistaj depresyon matènèl, sa gen ladan depistaj pou manman an sou polis timoun nan. Depatman Sante a (Department of Health) ak Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH) pral lanse yon kanpay sansibilizasyon estratejik pou ofri enfòmasyon esansyèl sou sentòm ak opsyon tretman yo pou depresyon matènèl. Finalman, Biwo Sante Mantal la pral ouvè premye klinik entansif pou pasyan ekstèn Eta a ap administre k ap konsantre sou depresyon matènèl. Mezi global sa yo pral garanti fi yo nan New York kapab jwenn depistaj ak tretman esansyèl pou lite kont depresyon matènèl. Politik sa fè pati Kalandriye Fanm 2018 Gouvènè an.

“Tout fi merite jwenn swen sante kalite siperyè, epi gras a efò nou yo, n ap pran mezi pou ofri tout Nouyòkè yo swen nesèsè, konpetan ak konpatisan sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Administrasyon sa a pral kontinye kraze baryè swen sante yo epi ofri nouvo paran ak paran ki ansent ankadreman esansyèl sa a, epi konsa kreye yon Empire State pi fò, pi an sante pou tout moun.”

Rechèch yo montre swen konpetan, rapid ak konpatisan kapab fè yon diferans esansyèl pou fi ki soufri depresyon matènèl yo, ki touche youn sou chak sèt manman nan nivo nasyonal. Depistaj ogmante deteksyon, dyagnostik ak entèvansyon pou depresyon matènèl, ki se yon bagay ki vrèman tretab si yo idantifye l bonè. Sepandan, se pa tout plan asirans ki kouvri depistaj yo—epi gen anpil fi ki pa kapab jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib yo. Anplis de sa, diskredi se yon obstak ant fanmi yo ak sèvis sante mantal yo gen dwa bezwen yo. Mezi global ant plizyè òganis sa a garanti fi yo pral resevwa swen ak tretman apwopriye.

Selon [nouvo règleman](#) Depatman Sèvis Finansye a, tout polis asirans maladi yo emèt nan New York oblije gen ladan kouvèti pou depistaj depresyon matènèl kay founisè swen primè ni pou granmoun ni pou timoun, epitou referans rapid pou tretman nan men espesyalis. Polis asirans ki kouvri timoun nan men ki pa kouvri manman an dwe ofri kouvèti pou depistaj depresyon matènèl, kòm yon entèvansyon swen prevansyon ki gen yon enpòtans esansyèl pou sante timoun nan. Anons sa a ajoute sou mezi anplis pou akselere referans ak tretman, ki gen ladan agrandisman Pwojè TEACH la pou mete founisè swen primè yo an kontak avèk espesyalis swen sante mantal yo, amelyorasyon depistaj ak referans nan klinik asistans alimantè pou Fanm, Tibebe ak Timoun yo (Women, Infant, Children, WIC) epi ogmantasyon aksè a telesikyatri pou sila yo ki nan kominote andeyò yo. Règleman yo pwopoze a pral antre an vigè 60 jou apre piblikasyon li nan Rejis Eta a.

Depatman Sante a ak Biwo Sante Mantal la ap lanse yon kanpay sansibilizasyon estratejik pou ofri enfòmasyon enpòtan sou sentòm ak opsyon tretman yo, epi pou pi jeneralman retire diskredi ki asosye ak depresyon matènèl. Nan kad kanpay lan, Komisè yo nan Biwo Sante Mantal la ak Depatman Sante a pral pibliye semèn sa a yon lèt kolektif pou founisè swen sante yo k ap raple yo gravte pwoblèm nan epitou ankouraje elajisman opsyon tretman yo. Depatman Sante Eta New York la ak kolaboratè li yo nan kominote a pral lanse aplikasyon kle sou medya sosyal k ap touche nouvo paran yo epi edike yo sou sentòm yo epitou bay enfòmasyon trè enpòtan sou resous nan kominote yo sou kijan pou yo jwenn èd.

Sou lòd Gouvènè a pou fè vanse pwogram espesyalize davangad yo pou trete depresyon matènèl, OMH pral lanse premye sèvis entansif pou pasyan ekstèn Eta a ap administre disi fen mwa a. Gen plizyè lòt pwogram ki pral lanse ete sa a.

Kolektivman, efò sa yo pral ranfòse kapasite pou pwofesyonèl swen yo abòde pwoblèm sante mantal pasyan ansent ak pasyan ki fin akouche yo, pou fanm ki a risk yo oswa k ap soufri depresyon matènèl yo pral gen meyè sante ak aksè a swen.

“Kòm manman, mwen konnen jan sa enpòtan pou konsantre sou byennèt yon fi pandan gwosès li epi lè timoun nan fin fèt”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Mwen fyè anpil dèske New York pran mezi san presedan pou amelyore lavi fi yo, epi konsantre sou sante manman yo. Lè nou garanti fi yo jwenn resous yo bezwen yo pou lite kont depresyon matènèl sa pral mennen pi bon rezilta ak fanmi pi an sante toupatou nan Eta New York.”

**Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), di konsa,** “Gouvènè Cuomo ap lite pou garanti swen sante bon kalite pou tout moun epi li pran mezi konsekan pandan tout administrasyon li an pou ogmante aksè a sèvis swen sante ekstrèmman enpòtan pou fi nan chak faz lavi yo, depi lè yo timoun pase pa pandan gwosès ak matènite. Mezi global sa yo pral ede ogmante kalite swen yo pou sèvis depresyon matènèl epi ofri fi yo ankadremman konpatisan yo bezwen an, epi konsa ede fè New York vin yon eta ki pi an sante epi ki gen mwens danje pou tout moun”.

**Sipè-entandan Depatman Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo, te deklare,** “DFS pran angajman soutni sèvis swen prevansyon global epi yon eleman esansyèl nan sèvis

swen prevansyon global sa yo se depistaj depresyon matènèl ak referans rapid pou tretman. Selon règleman sa a, manman ki souffri depresyon matènèl yo nan New York pral resevwa kouvèti asirans ki nesèsè a, nan men founisè ni paran ni timoun, pou yo kapab resevwa depistaj rapid epi jwenn tretman apwopriye”.

**Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker, te deklare,** “Depresyon matènèl se yon pwoblèm grav anpil fi nan Eta New York ak toupatou nan peyi a ap konfwonte. Nouvo inisyativ sa yo pral fè yon diferans nan redui diskredi ki asosye avèk maladi mantal yo epi avèk mande èd. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou pral kontinye travay san pran souf pou ede manman yo ak fanmi yo vanse epi pwospere”.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare,** “Depresyon matènèl kapab jwenn tretman reyisi, men plis yo dyagnostike li bonè plis sa bon pou ni manman an ni timoun nan. Direktiv Gouvènè Cuomo kòmanse bay yo pral ede elaji opsyon depistaj yo epi ofri pi bon rezilta pou nouvo manman yo ki souffri depresyon matènèl”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)